*Ассаламу гIалайкум!*

# ГЪУДУЛЛЪИ

№71
(9618)

2014 соналъул
*3 октябрь*

*РУЗМАН*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*

## ИНФОРМАЦИЯ БУГЕСУХЪ БУГО ДУНИЯЛАЛЪУЛ КВЕРЩЕЛГИ

Шамилхъалаялда 30 сентябралъ тIобитIана мугIрузул районазул СМИязул семинар-совещание.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна Республикаялъул нухмалъулесул вакил М.Б. ЗайнулгIабидовас, печаталъулгун информациялъул Министерствоялъул нухмалъулез, мугIрузул районазул администрациязул нухмалъулез, хIинкъи-гьечIолъиялъул рахъалъ гьезул заместителаз, бакIалъулал СМИязул нухмалъулез ва журналистаз пресс-хъулухъалъул хIалтIухъабаз.

Данделъиялда борхараб аслияб суал хурхараб букIана терроризмалъулгун экстремизмалъул идеологиялде дандечIеялда.

Данделъи рагьана ва гьелъул тартиб бачана М.Б. ЗайнулгIабидовас.

-Информация бугесухъ буго дуниялалъул кверщелги,-ян абуна гьес совещание рагьулаго.Гьес жиндирго кIалъаялъулъ тIадчIей гьабуна жакъасеб къоялъ СМИязул бугеб кIудияб кIваралда ва гьез гьаризе кколел хIалтIабазда.

Унсоколо районалъул бетIер Ш.Н. МухIамадовас киналго гьалбадерие баркала кьуна ахIиги къабул гьабун районалде рачIиналъухъ.

Хадур кIалъазе рахъарал республикаялъул печаталъулгун информациялъул министр А.Ч.Аджиевас ва гьесул заместитель З.И. Зубайруевас бицана интерherнеталъул ругел пайдаялги заралиялги рахъазул ва гьенир кьолел цоцо республикаялъулги, гьелъул нухмалъулесулги къимат гIодобе ккезарулел информациязе, нахъе бахъичIого, мустахIикъаб къимат республикаялъулги бакIалъулалги СМИязги кьезе кколиланги абуна.

Жидерго кIалъаязулъ гьез кIудияб кIвар кьуна гIун бачIунеб гIелалъулгун гьаризе кколел тадбираздеги.

Гьединго гьез къимат кьуна районазул пресс-хъулухъаз гьанжелъизегIан гьарурал хIалтIабазеги.

Пресс-хъулухъалъул ва СМИязул хIалтIи районазда гIуцIун бугеб хIалалъул бицун кIалъазе рахъана цоцо районазул нухмалъулел ва газетазул редакторал.

Данделъиялъул ахиралда М.Б.ЗайнулгIабидовас баркала кьуна совещаниялде рачIарал киназего ва абуна СМИязул хIалтIи гIадамазе пайда бугеблъун букIине кколилан.

## Гъодобери росдае цIияб школа бана



Дагъал церегIан къояз Гъодобери росулъ тIобитIана цIияб бараб школа рагьиялде хурхун рохалилаб тадбир.

Гьеб рохалилаб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер М. ПатхIулаевас, райадминистрациялъул бетIерасул заместитель А. МухIамадовас, Лъай кьеялъул управлениялъул начальник ХI-ГI. ИзмагIиловас, Гъодобери росдал администрациялъул бетIер ГI. МухIамаевас, гьеб росдал школалъул учительзабазул коллективалъ, цIалдохъабаз ва росдал гIадамаз.

Жиндирго цевевахъиналъул кIалъаялъулъ районалъул бетIерас лъикIаб къимат кьуна Дагъистан Республикаялъул бетIер Р. ГIабдулатIиповасе, гьес Лъай кьеялъул хIалтIуде хасаб кIвар кьолеб букIиналъе.

-Щ у н у с г о я л д а с а г и цIикIкIун цIалдохъан цIалулеб росдае, цо цIияб цIалул корпус рагьиялда гIей гьабун тезе гьечIо.

РакIалда буго тIасияб соналда нужер росдае цIияб школа базе байбихьизе.

ЦIияб школа баялъе кутакалда лъикIаб проект хIадурун буго, нужерго ракьцояв, МахIачхъала шагьаралъул бетIерав архитектор МухIамадрасул ГьитIиновас.

Дир ракIчIола къокъабго заманалда жаниб гьес гьеб проект гIумруялде бахъинабизе букIиналда,-ян абуна М. ПатхIулаевас.

Гьелдаса хадуб кIалъазе рагIи кьурав Лъай кьеялъул управлениялъул начальник ХIажигIиса ИзмагIиловас гьеб рохалилаб тадбиралда гIахьаллъаралщиназда, хасго учительзабазда ва цIалдохъабазда баркана цIияб школа рагьи. ЦIияб школалда цIалдохъабазе лъикIаб тарбия ва лъай кьеялъе хIажатал шартIал чIезарун рукIиналда жиндир ракIчIараб бугилан абуна гьес.

ЦIияб школа рагьи ракIалдаса унареб, рохалилаб лъугьа-бахъинлъун лъугьана гьеб росдал школалъул учительзабазе ва цIалдохъабазе, щай гурелъул 170 цIалдохъанасул рес рекъезе бугелъул, радал цо сменаялда анцIго гвангьарал классазул кабинетазухъ цIализе хьвадизе. Цогидаб, 1970 соналдаго бан букIараб басрияб школа биххизе къачIараб хIалалда буго.

Гьеб рохалилаб тадбиралда гIахьаллъарал щиназдехунги вуссун гьеб школалъул директор ГIумар Залимхановас баркала кьуна районалъул нухмалъулесе ва гьеб школа барал хIалтIухъабазе, гьадинаб гьайбатаб, берцинаб, цIияб школа жидер росдае сайгъат гьабуралъухъ. Гьелдаса хадуб гIуцIун букIана концерталъулаб программа.

**Ж. АХIМАДУДИНОВА.**



# ХАЛКЪАЗДА ГЬОРКЬОСЕЛ ХЪАЧАГЪАЛ НАХЪЕ ГЪУРАЛДАСАН 15 СОН ТIУБАЙ ЖЕГИ КIОДО ГЬАБУЛЕБ БУГО НИЛЪЕР РАЙОНАЛДА

Дагьал церегIан къояз АнсалтIа росдал гьоркьохъеб школалда тIобитIана 1999 соналъул август моцIалда нилъер ракьалде гъужум гьабурал халкъазда гьоркьосел хъачагъал нахъе гъуралдаса 15 сон тIубаялъул юбилеялда хурхун байрамалъулаб тадбир.

Гьеб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас, АнсалтIа росдал бетIер ХIайдарбег ХIайдарбеговас, Россиялъул БахIарчи ХIажимурад НурахIмаевасул эбел Калимат НурахIмаевалъ ва дол августалъулал лъугьа-бахъиназул ополченцаз.

Жиндирго кIалъаялъулъ МухIамад ПатхIулаевас абуна:

«Августалъулал лъугьа-бахъинал нахъе тун 15 сонидасан нилъее рес щолеб буго дол рагъул къоязул хIисаб-суал гьабизе ва лъугьа-



бахъиналъе мустахIикъаб къимат кьезе. Хъачагъазда ракь тезе гьабуна Дагъистаналъул ракьалдасан. Ярагъги босун нилъер ракьалде вачIарав тушманасда бажаричIо Дагъистаналъул халкъалъул бухьенги, цолъиги, гъункиги чучлъизе гьабизе. 1999 соналъул август моцIалъ ккарал лъугьа-бахъиназ нилъее кьураб аслияб дарслъун ккола нилъер къуватги, гъункиги, цолъиги букIин бичIчIи. Гьеб нилъеда киданиги кIоченеги бегьуларо.

Гьединго районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас Россиялъул БахIарчи ХIажимурад НурахIмаевасул эбелалъе кьуна «Война в Ботлихе» абураб тIехь, сагIат ва гIарцулаб шапакъат.

Хадур кIалъазе рахъана АнсалтIа школалъул директор Зайнудин ГIисалаев, росдал бетIер ХIайдарбег ХIайдарбегов.

Дол августалъулал рагъул къоял ракIалде щвезарулаго ополченец МахIмуд МухIамадовас бицана дол къоязул захIмалъиялъулги, Дагъистаналъул халкъалъ бихьизабураб бахIарчилъиялъулги, къохIехьеялъулги, жакъа тIолабго инсаният данде бахъун бугеб балагьалъул ай терроризмалъулги. БукIинесеб гIел талихIаб, сахаб ва эркенаб букIинабиялъе гIоло нилъеца кинабго нилъеда бажарараб гьабизе ккола гьеб къучIдасанго тIагIинабиялъе,-ян абуна гьес.

Гьелдаса хадуб гьеб рагъда хваразул хIурматалда минуталъулаб сихIкъотIи гьабуна. Школалъул цIалдохъабаз рекIедаса цIалана ракълиде хурхун гьарурал кучIдул, бихьизабуна «ХIажимурадил бахIарчилъи» абураб театрализованнияб сценка.

## 5 октябрь- Учителасул къо!

# ЦIалдохъабазул къисматалъе гIоло учителасул жавабчилъи букIин ккола аслияб

***ИзмагIилова Хадижат гьаюна Болъихъ районалъул Болъихъ росулъ хъулухъчиясул хъизаналда. Унго-унгоги лъималазе тарбия-лъай кьеялда тIад чIарал улбул рукIана мунагьал чураял Хадижатил эбел-эменги. 11 класс лъугIун хадуй Хадижат цIализе лъугьуна Дагъистаналъул пачалихъияб педагогикияб институталде.***

***1970 соналда désинститутги лъугIизабун ячIуна Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалде хIалтIизе.***



ГIагараб школалда гьелда божизабула гIурус мацIалъул ва литератураялъул дарсал.

Институталда цIалун щвараб лъай гьеб ккола теория, амма унго-унгояб хIалбихьи щвечIони захIмат букIуна бокьараб махщалида хIалтIизе.

Асият Мирзоевналъ малъулаан дида цIалдохъабазе гъваридаб лъайги, лъикIаб тарбияги кьеялъул методикиял къагIидаби хIалтIизаризе. Гьеб гуребги дунгоги тIадчIолаан дирго лъай борхизабиялда.

Гьелъие нугIлъи гьабула гIолохъанал учительзабаз Хадижатилго гIадаб дарсал кьеялъул къагIидаби хIалтIизариялъги.

ЦIалдохъабазе дарс ва лъай кьеялъул хIакъалъулъ дирго рахъалъа абуни цо дарс кьола 45 минуталъ, амма гьеб кьезе дун рокъой хIадурлъула 3-4 сагIаталъ.

Цере дир дарсидеги рачIунел рукIана хIалбихьи бугел учительзаби.

Гьез рихьизарурал гIунгутIаби тIагIинариялъе хIаракат бахъулаан.

Дица гIемер цIалулаан машгьурал хъвадарухъабазул тIахьал. Диего интерес ккарал бакIал росулаан кагътиде, гIуцIулаан план.

Хадусеб къоялъин абуни диего бичIчIаралъул хIасил бицунаан лъималазеги. ЦIализегун хъвазе диего бищун бокьулеб хIалтIилъун рикIкIуна дица.

ТIехь цIикIкIун цIаларабгIан инсанасул рухIияб рахъ борхула.

Гьанже, хасго гьал ахирал соназда, лъимал цIалулел гьечIилан гIарзал рукIуна. ХIакъикъаталда гьеб битIарабги буго, амма гьелъул гIайиб учителасда рехун течIого,эбел-инсуцаги хIаракат бахъизе ккола лъималазе битIараб тарбия-лъай кьезе. Гьезул цIалуда хадур чIезе.

Руго цо-цо эбел-эмен жидее щолеб гъурщил гурони, лъималазул тIалаб-агъаз гьечIел. МаркIачIул гIужалда гIанкIухIелеко рокъобе бачIинчIони, гьеб цIехезе къватIире рахъуна бетIергьаби, амма сордо рогьинегIанги къватIазда бугеб жидер лъимер рокъобе бачIунгутIиялъул ургъелго гьабуларо, цIехоларо ва балагьуларо гьезул цIалиялъулгун гIадлуялъул рахъ кин бугебали.

Лъималазул психологиялъе квешаб асар гьабулеб буго ахираб заманаялъ телевидениялдаса рихьизарулел чорокал кинофильмабаз ва передачабаз, интернеталда рукIунел рекъечIел пишабазги. ЦIалдохъабаз цIалулеб гьечIо художественнияб литература. Къокъго абуни, щивав учителасдаги эбел-инсудаги ва обществоялдаги бараб буго нилъер букIинесеб гIел умумузул бахIарчиял ишазе мустахIикъал ирсилаллъун куцай.

Жакъа учитель ва педагогикиял коллективал рукIине ккола жидерго хIаракатчилъиги, цIалдохъабазул лъайги, творческияб рахъги цебетIезабиялда цадахъго лъаялъулаб тарбия кьеялъулаб рахъги, гIун бачIунеб гIелалъулъ ВатIаналдехунги, гIагараб ракьалдехунги рокьиги, ритIухълъиги ва тIадегIанал нравственниял ва гражданазулал качествабиги куцалелллъунги ва гьеб бажарулелллъунги.

Учителасул тIадегIанаб цIарги борхатго цIунун гIун бачIунеб гIелалъе гъваридаб лъайги, нравственниябгун патриотикияб тарбия кьеялда тIад 44 соналъ хIалтIулей йиго Хадижат ИзмагIилова.

Гьей мустахIикълъана «Дагъистан Республикаялъул мустахIикъай учительница» абураб хIурматалъулаб цIаралъе, «Отличник просвещения» абураб шапакъаталъе, РФялъул Президент В.В.Путинил гранталъе(100тыс.р.), «Ветеран труда» абураб ва цогидалги рикIкIен гIемерал шапакъатазе.

Амма, бищунго кIудияб шапакъатлъун гьелъ рикIкIунеб буго, гьелъ лъайги, тарбияги кьун къватIире риччарал цIалдохъабазулги гьезул эбел-инсулги разилъи ва божилъи жиндехун букIин.

**П.ДИБИРОВА.**

## САХЛЪИ-НИЛЪЕР БЕЧЕЛЪИ




# БИДУЛ ДАВЛЕНИЕ ДАГЬЛЪУЛЕЗЕ БАЯНАЛЪЕ

Цебе-цебе давление (бидул кьаби) букIунароан чIахIиял гIелазул гурого. Ахираб заманалдайин абуни, хIинкъи бугеб унти гIолохъаналъулеб буго. Гьелдаго цадахъ цIикIкIунел руго гьелъ лъикIал гурел хIасиладзе рачиналъул хIасилалги.

Гьелдаго цадахъ, цIикIкIунел руго давление (бидул кьаби) гIодобе кколеб букIиналъ рахIат бахъулелги.

Жакъа дие бокьун буго бидул давление гIодобе ккеялъул хIакъалъулъ бицине.

Щай гурелъул, давление борхиялдаса, гьеб гIодобе ккеялъул хIинкъи дагьаб гуреб, цIикIкIараб букIунелъул. Медицинаялъул мацIалда гьелде абула артериалияб гипортониян, яги гипотониян. Гьелъул гIаламатлъунги ккола рухI ин, бетIер свери, бетIер унти ва ракI свери.

**Кина-кинал гIиллабиха рукIунел бидул кьаби гIодобе ккеялъе?** ТIоцебесеб иргаялда гьеб букIуна (врожденнияб) рижиналдаго цадахъаб. Гьединаб давлениялъул гIадамал гIемер рукIунаро. Гьоркьохъеб хIисабалда гьединазул кьадар букIуна 7-8 процент. Амма гьезие ургъел букIунаро, ай гьезул рахIат бахъуларо гьелъ. Гьел рукIуна хIаракатаб физическияб гIумруялъул, релъа-рохараб хасияталъул гIадамал. Гьединазул давление букIуна 105\70. Амма, гьеб гьоркьохъеб 120\80-ялде баханани, гьезие хIехьезе захIмалъула.

Бидул кьаби гIодобегIанаб букIин ккола ракI лъикI хIалтIулеб гьечIолъиялъул гIаламатлъун. Гьеб ккола ангина ва грипп унтаби захIматаб формаялде сверидалги. Гьединго гьеб букIине бегьула рекIел нерва-базулаб хIалалъул низам биххидалги, рекIел блокада, аритмия (рекIел кьабиялъул низам бихxи) бугезулги.

Надпочечниказда (ургьимесазда тIад букIунеб гьитIинаб лага-железа) лъугьуна стрессалъул (рекIел хIал хисиялъул) гармонал. Гьезул цояб адреналин гармоналде абула «ццидалаб»-ян. Гьелъ цIикIкIинабула ботIроде бачIунеб би, борхизабула давление, базабула хинаб гIетI, бачIуна ццидалаб, пашманаб рахIатхвей.

Цогидаб-ацетилхолин абулеб гармоналъин абуни, базабула цIорораб гIетI, гIодобе ккезабула давление, бачIуна рухIдакъльи, рахIат хвараб рекIел хIал. Гьеб гормоналде цIарго буго «загIиплъиялъулаб гормонилан».

Гьединго бидул давление гъоркье инабула рекIел унтиялъул дараби къабул гьаридалги. Масала, нитроглицирин антибиотикал цIикIкIун хIалтIизарунани. Давление гъоркье инабула гIодоре риччаялъулал дараби гьекъеялъги. Масала, пустырникалъ, валериaнкаялъ, валакординалъ.

Давление гIодобе ккезабулел унтабиги рукIуна. Масала, чорхол давление гIодобе инабула панкреотиналъул (кванирукъалъул язваялъул приступал) рачIиндалги. Гьеб заманалда чехь ва гьелда сверухъ бакI унти гуребги, бала цIорораб гIетI, бачIуна гIаммаб къагIидаялъул рухIдакъльи. Гьелде абула симптоматическияб гипотония (гипотензия) ва чехь сахлъарабго нормаялде бачIуна.

Гьединго давление гIодобе ккола чорхольан би чвахиялдальунги. Масала, магIарзул кьалазухъан, яги геммороялдальунги.

Инсанасул давление циндаго гIодобе инабизе бегьула чорхое кьватIисеб асар гьабиялдальунги. Масала, батIи-батIиял ваннаби ва цогидалги бидурихьал гIатIид гьарулел жал хIалтIизарун ругони.

Чорхол давление дагьлъун букIин загьирлъани чара гьечIого тохтурасда лъазабизе ккола. Узухъда, гьеб лъазабизе ккола хIинкъи бугеб заманалда. Жидецаго кумек гьабун бажарулеб хIал бугони гьекъезе лъикI буго 25-30 капля (кьатIра) пантокриналъул ва тIаде 10-15 кьатIра манчжуриялъул оралиялъулги 0,5 гр. аскорбинкаялъул ва 2 таблетка гIурччинаб чаялъул экстракталъул.

Гьекъезе бегьула цIолбол сокалъул стакан, 10-15 кьатIра женьшеналъулги тIаде жубан (тIинкIизабун).

Рада-радал давление гIодобе кколеб бугони лъикI букIина кардиаминалъул 25-30 кьатIра ва тIаде гьитIинаб бугьун китаялъул лимонникалъул настойкаялъул гьекъани ва мацIалда гьоркь глициналъул цо таблеткаги лъуни.

***Зайнаб ХIАЖИЕВА,***
***тохтур-терапевт, кардиолог, ДРялъул мустахIикъай тохтур.***

## нилъерго нигIматаздаса пайда босе!



# ТРАНСГЕННИЯЛ НИГIМАТАЛ: ПАЙДАЯЛИЩ ЯГИ ЗАРАЛИЯЛИЩ?

**Базаралде яги тукабазде щведал, киназго хIаракат бахъула бищунго берцинал, чIахIиял, беричал нигIматал тIаса рищизе. Лъицаниги кьоларо суал щай гьел гьединал берциналги чIахIиялги ругелин абураб. Гьединго, гIемерисез цIалуларо гьезда тIад седараб кагъаталда щиб хъван бугебалиги. Нилъер гьанибги абуни киналго нигIматазда тIад гуро гьединал кагътал тIад чIван рукIунел. Законалда рекъон тукадаги базаралдаги бичулеб щибаб нигIматалда тIад букIине ккола гьелда гьорлъ ругел жалазулги кин гьеб гьабун бугебалиги хъвараб кагъат. ГIемерисел гьел беричал нигIматал рукIуна кьватIисел пачалихъаздаса рачIарал генномодифицированниял яги трансгенниял.**

**Генномодифицированниялин** абула ирсилал клеткабазулъ хиса-басиги гьабун гIалимзабаз жидер рижин хисизабурал нигIматазда. Гьанжего-гьанже геннияб инженерия цебетIун байбихьулеб заманалда гIалимзабаз абулеб букIана гьелдаса гIемераб пайда букIине бугилан. Гьелъул кумекалдальун тIабигIаталда гьорлъеги лъугьун рекьулел культурабазульги, гIезабулеб гIи-боцIулги хиса-басиялги гьарун гIезарурал нигIматал кваназе байбихьаралдаса нахъе ва гьелъ кьолел хIасилал рихьидал хадубккун пайда букIиналдаса гIалимзаби жалго хIинкъана.

Гьанже гьелда хурхун гIалимзабаз гьарурал цIех-рехаз бихьизабун буго трансгенниял нигIматазул инсанасул чорхое кIудияб зарал букIин. Абулеб буго гьел нигIматал кваналел гIадамазул лъималазулги лъималги унтарал, сакъатал, батIи-батIиял гIунгутIаби ругел лъугьине бегьулилан. Гьеб бихьизабун буго гIункIкIазда тIад гьарурал хIалбихьияз.

Москваялъул шагьаралъулаб Думаялъул сахлъи цIуниялъул комиссиялъул нухмалъулей Людмила Стебенковалъ гIахьаллъи гьабуна геннияб инженериялъул суалазда хурхун Вашингтоналда тIобитIараб форумалда. Гьенибго гIахьаллъи гьабуна гIемерал гIалимзабазги. Форумалда рагIараб Л. Стебенковалъ бицана журналистазданги. Гьелъул рагIабазда рекъон, трансгенниял нигIматазул ва гьел ургъиялъул кIудияб зарал буго инсанасе гуребги тIолабго тIабигIаталъего. Заманалдасан гьелъ балагьалде бачине бегьулеб буго тIолабго биосфера.

Трансгенниял нигIматал ургъиялъул бугеб хIинкъиялъул бицун рагьараб кагъаталда дунялалъулго жамгIияталде хитIабгун цеве вахъана 84 улкаялдаса 828 гIалимчи. АнцIгониги соналъ хадуб хал кквелал загьирлъун буго трансгенниял нигIматаз гьел кваналел гIадамазе кинабгIаги пайда кьун гьечIолъи. Гьездаса абизегIанасеб хайир щун гьечIо гьел гIезарулел фермеразеги. Аслияб къагIидаялъ гьелъул хайир щолеб буго гьел ургъулел ва тIиритIизарулел компаниязе. Гьез жидерго нигIматазе гьабулеб буго кIудияб реклама.

ГIемерал гIалимзабаз рикIкIунеб буго гIадамал цIикIкIун унтиялъе гIилла кколин (хасго онкологиял унтабаз) гьединал нигIматал кванай. Гьединлъидалин жидерго кьалъалъе лъикIлъи боькарал гIемерисел улкабаз гьездаса инкарги гьабун бугеб. Гьединаллъун ккола Европаялъул улкаби. Бищунго гIемерал трансгенниял нигIматал кьватIире риччана СШАялда. Гьединлъидалин цогидазде дандеккун гьезул гIемер чи унтун вугев онкологиял унтабазги, кьаралъиялъги, аллергиялъги ва цогидалъги . Гьеле гьеб гIилла букIанин абуна Л. Стебенковалъ геннияб инженериялъул суалазда хурхун Вашингтоналда форум тIобитIиялъе. Гьелъул рагIабазда рекъон, трансгенниял нигIматал кьватIире риччаялда данде кьеркьезе ккола, тIоцебесеб иргаялда США. Гьелъие гьезул гIиллаги ресги буго. Россиялъул гIалимзабаз гьезие кумек гьабизе буго жидерго лъаялдальун, хIалбихьиялдальун.

**Кин лъазе бегьулел трансгенниял нигIматал ратIа рахъизе?**

ТIоцебесеб иргаялда, трансгенниял ругин хъван букIине ккола гьел жанир ругел къучIбузда, кагътида. Кагъат хъван батичIонани тIаде ралагьунги лъазе бегьула гьеб. Мисалалъе, тукабазда, базаразда бичулеб букIуна чIахIияб, чинигIан цIвакараб, цогIаги гIуж тIаде гьечIеб гIеч яги цогидаб пихь, овощал. Якъинаб жо, тIабигIаталда гьеб гьедин бижулареблъи. ГIададайищ гIалимзабаз лъазабулеб бугеб пихь босизе кколила дагьабгIаги хIапаро бараб. Генабазулъ хиса-баси гьабураб пихь гьез кваналеб гьечIо, гьединаб пихьиде тIад найги рещтIунеб гьечIо. Жеги гIадамазда кIочон ратиларо «Бушил бохдул». Гьедин абулаан Америкаялдаса нилъер гьанире раччулел рукIарал гIанкIуязул бохдузда. Гьел рукIана, киналгIаги гIанкIуязул рукIунарел гIадал чIахIиял, кьариял. Гьенир гIанкIуял батIиялищ рукIунел, нилъер гьанир гIанкIуял гьечIогойищ ругел абураб суал бачIине кколаан халкъалъул. БачIинчIо, киналго гьел кваналел рукIана руцIцIухIунги чIун. Нилъ гьедин ругьунлъун ругельулха. Нилъер хIукуматальги бахъун буго трансгенниял нигIматал гIезаризе гьукъараб ва 0,9 процент трансгенназул гьорлъ ругел нигIматал ричулел ругони гьелъул хIакъалъулъ тIад хъван букIине ккколин абураб закон. БукIаниги киназго гурельулха законалда хъвараб къагIидаялъ гьабулеб, гIемерисез жидеего данде ккараб къагIидаялъ гьабулеби буго, гьелда хадуб хал ккезе тарал хъулухъазулги хIалтIи щвалде щвараб гьечIо.

НигIматал трансгенниял ругищали хал гьабизе, бальго ричулел гьел тIатинаризе кьваригIуна гьелъие данде кколеб, цебетIураб оборудованиеги сурсатги бугеб тIубараб лаборатория. Нилъер улкаялда гьеб кьанагIат гурони гьечIо, гIемерисел регионазда гьезего гьечIо. Гьеб ахIвал-хIалалда нилъ ккезехьин руго тIад хIалбихьиял гьарулел рухIчIагольабидал. Гьединлъидал, нилъеда лъазе ккола нилъеего цIодорлъи гьабизе, тIокIаб жо гьабизе кIвечIониги кьватIиса рачIарал гурел, нилъерго гьанир гIезарурал нигIматал кваназе ккола.

## Колонка прокурора

# О ПОРЯДКЕ ПРЕДОСТАВЛЕНИЯ ЕЖЕГОДНОГО И ДОПОЛНИТЕЛЬНОГО ОПЛАЧИВАЕМОГО ОТПУСКА РАБОТАЮЩИМ ИНВАЛИДАМ

Согласно ст. 115 Трудового кодекса Российской Федерации (далее ТК РФ) ежегодный основной оплачиваемый отпуск продолжительностью более 28 календарных дней (удлиненный основной отпуск) предоставляется работникам в соответствии с настоящим Кодексом и иными федеральными законами.

В соответствии с ч. 5 ст. 23 Федерального закона № 181 от 24.11.1995 «О социальной защите инвалидов в РФ», работающему инвалиду предоставляется удлиненный основной отпуск (на два дополнительных дня). Следовательно, продолжительность основного ежегодного оплачиваемого отпуска составляет 30 дней.

Статья 116 ТК РФ предусматривает также предоставление ежегодных дополнительных оплачиваемых отпусков работникам, занятым на работах с вредными и (или) опасными условиями труда, работникам, имеющим особый характер работы, работникам с ненормированным рабочим днем, работникам, работающим в районах Крайнего Севера и приравненных к ним местностях, а также в других случаях, предусмотренных настоящим Кодексом и иными федеральными законами.

Работодатели с учетом своих производственных и финансовых возможностей могут самостоятельно устанавливать дополнительные отпуска для работников, если иное не предусмотрено настоящим Кодексом и иными федеральными законами. Порядок и условия предоставления этих отпусков определяются коллективными договорами или локальными нормативными актами, которые принимаются с учетом мнения выборного органа первичной профсоюзной организации.

Например, статья 119 ТК РФ гарантирует работникам с ненормированным рабочим днем ежегодный дополнительный оплачиваемый отпуск, продолжительность которого определяется коллективным договором или правилами внутреннего трудового распорядка и который не может быть менее трех календарных дней.

Порядок и условия предоставления ежегодного дополнительного оплачиваемого отпуска работникам с ненормированным рабочим днем устанавливаются в федеральных государственных учреждениях нормативными правовыми актами Правительства Российской Федерации, в государственных учреждениях субъекта Российской Федерации нормативными правовыми актами органов государственной власти субъекта Российской Федерации, в муниципальных учреждениях нормативными правовыми актами органов местного самоуправления.

Пунктом 3 Постановления Верховного Совета РФ от 19.02.1993 № 4521-1 «О порядке введения в действие Закона Российской Федерации «О государственных гарантиях и компенсациях для лиц, работающих и проживающих в районах Крайнего Севера и приравненных к ним местностях» государственные гарантии и компенсации, предусмотренные указанным Законом, распространены на районы Севера, в которых начисляются районный коэффициент и процентная надбавка к заработной плате, но неотнесенные к районам Крайнего Севера и приравненным к ним местностям.

В силу ст. 14 Закона РФ от 19.02.1993 № 4520-1 (в ред. от 02.04.2014) «О государственных гарантиях и компенсациях для лиц, работающих и проживающих в районах Крайнего Севера и приравненных к ним местностях» лицам, работающим в северных районах России, кроме установленных законодательством дополнительных отпусков, предоставляемых на общих основаниях, устанавливается также в качестве компенсации ежегодный дополнительный отпуск продолжительностью 8 календарных дней.

Таким образом, минимальная продолжительность отпуска работающего в Красноярском крае инвалида, гарантированная законодателем, не может быть менее 30+8+3 = 41 дня.

Право на предоставление удлиненного основного отпуска на основании ч. 5 ст. 23 Федерального закона № 181 от 24.11.1995 «О социальной защите инвалидов в РФ», возникает у Вас с момента установления инвалидности при наличии стажа, дающего право на отпуск.

**А.АЗИЗОВ, помощник прокурора района**

# РАЙОНАЛДА РАГЬАНА МИНИ-ФУТБОЛАЛЪУЛ ПЛОЩАДКА

Дагьал къояз цебе Микрорайоналда букIана тIадагьаб атлетикаялъеги, футболалъеги хIажатал шартIал гIуцIараб мини футболалъулаб площадка. Гьеб рагьиялъул Рохалилаб тадбир рагьулаго багIараб лента къотIана районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас, Лъай кьеялъул Управлениялъул начальник ХIажигIиса



тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас. Гьес тIоцебесеб иргаялда баркана тIолалго районалъул гIадамазда ИзмагIиловас ва ДЮСШялъул директор МухIамадхIажи МухIамадхIажиевас.

Рохалилаб ахIвал-хIалалда площадка рагьун



спорталъул цIияб объект рагьи ва бицана гьелъул бугеб кIвараялъул. ЦIияб спорталъулаб площадка рагьиялъ рес кьезе буго эркенаб заманаялъ лъималсахаб гIумруялде ругьун гьаризе-ян абуна гьес.

Гьесда хадув кIалъазе вахъана Лъай кьеялъул Управлениялъул начальник ХIажигIиса ИзмагIилов.

хадуб гьенир футбол хIазе цере рахъана лъималазул футбол хIаялъулаб команда. ТIоцебесеб гол кьабизе ихтияр кьуна районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевасе. ГьитIинал спортсменаз бихьизабураб лъикIаб хIаялъ балагьизе рачIаразе лазатаб асар гьабуна.


2000 соналда Хелекьури гьоркьохъеб школалъ ГIабдулаев Шамиль ХIамзатовичасул цIаралда кьураб гьоркьохъеб лъаялъул аттестат А №5477774 билун буго.

Гьеб гьанжеялдаса нахъе **хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.**


Райбольницаялъул хIалтIухъабазул коллективалъ гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго Лабазанова **ЗАЖИРАТ** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан гьелъул лъималазда ва гIагарлъиялда.

**Аллагьас алжан насиб гьабеги гьелъие.**


**ГЬУДУЛЛЪИ**
*Тираж 1000*

*Газета гIуцIарал:* Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив

*Учредители:* Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

*БетIерав редактор* ГI. ГIумаханов

*Редакторасул заместитель* А. Агъларов

*Жавабияй секретарь* З.ГIумарова

*Отделалъул редакторал* Ш. Лабазанов, П. Дибирова

**Мухбирзаби** З.МухIамадова/М.ГIумаханова

Наборщица П. Эльдарова

Фотокорр. Ш.Муртазалиев

Дизайнер А. Назирбекова

Программист А. Ибрагьимова

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ. Регист. ПИ № 10 - 4614*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*